



Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSÈY KONSÈVASYON ISTORIK ETA A
REKÒMANDE 18 NOMINASYON POU REJIS LYE ISTORIK ETA AK NASYONAL**

Sit yo reprezante istwa divès ki gen ladan 'Violet Kings' nan Hudson Valley, yon kanal 19èm syèk nan Southern Tier a, yon kay woz ki briyan ak yon fabrikasyon vesèl ki gen renome entènasyonal ki te kòmanse pa yon kominote relijye nan pati nò a o 19èm syèk

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Konsèy pou Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Board for Historic Preservation) rekòmande pou ajoute 18 pwopriyete varye nan Rejis Nasyonal Eta ak Plas Istorik (State and National Registers of Historic Places) yo ki gen ladan yon vilaj nan Hudson Valley ki yon fwa te renome pou endistri vyolèt li a, youn nan premye kay nan Kominote Afriken-Ameriken nan Long Island, yon rès kanal 19èm syèk la ki te ede alimante ekonomi Southern Tier a ak biwo yon konpayi vesèl ki gen renome entènasyonal ki te fonde pa yon kominote relijye nan pati nò a o 19èm syèk.

"Lye istorik sa yo mete aksan sou anpil bagay nan sa ki eksepsyonèl sou New York ak sou kontribisyon enkwayab li yo nan istwa nasyon nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou plase moniman sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta ak Nasyonal yo, n ap ede asire lokal sa yo ak gadyen yo gen finansman yo bezwen pou prezève, amelyore ak pwomouvwa sa ki pi bon nan gran eta sa a."

Rejis Eta ak Nasyonal yo kapab ede pwopriyete yo modènize pwopriyete yo, sa k ap fè yo vin kalifye pou plizyè pwogram ak sèvis prezèvasyon piblik, tankou sibvansyon kontrepati eta a yo ak kredi taks federal ak eta ki disponib pou reyabilitasyon istorik yo.

Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) te deklare, "Nominasyon yo mete aksan sou gwo divèsite nan eta nou an, moun li yo, ak istwa pa yo. Rekonesans sa a ede sipòte efò kontinyèl ke anpil moun te fè pandan ane yo pou pwoteje ak apresye istwa fasinan New York la".

Komisyone adjwen pou Konsèvasyon Istorik nan Pak Eta yo, Daniel Mackay, te deklare, "Divizyon pou Konsèvasyon Istorik (Division for Historic Preservation) angaje nan deziyen ak sipòte lye istorik yo ki reprezante istwa popilasyon divès Eta nou an".

Deziyasyon rejis anvan yo te enkli dènyèman simetyè Afriken Ameriken, sit akeyolojik ki asosye ak kominote nwa lib, eritaj endistriyalis Andrew Carnegie nan bibliyotèk Vil New York yo, yon klèb gòlf nan Hudson Valley ki etabli pou kontrekare antisemitism, ak yon sit Catskill lye a premye istwa bezbòl pwofesyonèl la.

Depi lè Gouvènè a te siyen pwojè lwa pou apwiye jan eta a sèvi avèk kredi enpo reyabilitasyon yo an 2013, pwogram eta ak federal la te favorize envestisman konplè plizyè milya dola nan pwopriyete komèsyal istorik yo ak plizyè dizèn milyon dola ke yo ensvesti nan kay istorik kote mèt kay yo rete.

Rejis Eta ak Nasyonal yo se lis ofisyèl bilding, estrikti, distrik, peyizaj, bagay ak sit enpòtan nan listwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak peyi a. Gen plis pase 120,000 pwopriyete istorik toupatou nan eta a ki nan Rejis Nasyonal Lye Istorik la, endividyèlman oswa tankou eleman nan distrik istorik yo. Mèt pwopriyete, minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te fè pwomosyon nominasyon yo. Lè Komisè ki sèvi kòm Fonksyonè Prezèvasyon Istorik Eta a fin apwouve rekòmandasyon yo, y'ap antre pwopriyete sa yo nan Rejis Lye Istorik Eta New York la epi apre sa y'ap pwopoze yo pou yo mete yo nan Rejis Lye Istorik Nasyonal la, kote y'ap egzamine yo, epi yon fwa yo apwouve yo, y'ap antre yo nan Rejis Nasyonal la. W ap jwenn plis enfòmasyon, ak foto sou nominasyon, disponib sou [sitwèb](#) Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la.

Distri Kapital

Lekòl Nimewo 11 nan Distri Lekòl Greenwich, Center Falls, nan Konte Washington - Te ouvri nan kominote riral sa a nan ane 1850 yo, lekòl yon sèl chanm sa a te sèvi youn nan izin seksyon riral yo ki te devlope otou Battenkill River pandan 19èm syèk la. Lekòl la te fèmen an 1944 e li kounye a li vid.

New York Santral

Lekòl nimewo 2 nan Distri Amboy, East Amboy, Konte Oswego - to te bati lekòl yon sèl chanm nan an 1895 epi li te sèvi rejyon sa a jiskaske bès prezans yo te lakoz li fòse fèmen an 1952. Lekòl la te demenaje ale nan lokal li ye kounye a nan ane 1970 yo nan kad yon pwojè wout.

Foster-Hubbard House, Syracuse, Konte Onondaga - Ki te konstwi an 1872, konsepsyon kay ki gen stil Italyen sa a te fèt epi bati pa eminan achitèk, konstriktè, ak endistriyalis lokal Simon DeGraff.

Distri Istorik Komèsyal West Broadway, Fulton, Konte Oswego - Zòn sa a gen uit batiman komèsyal brik ki se sèlman zòn ki rete nan fen 19èm syèk vil la ak kòmansman achitekti komèsyal 20èm syèk la.

Batiman Administratif Oneida Community Limited, Oneida, Konte Madison - ki te konstwi orijinalman an 1926, yo te elaji batiman komèsya stil gotik kolejyal sa an 1948 ak 1965. Yon manifakti ajantri, koutleri, ak vesèl ki gen renome entènasyonal, konpayi a te yon devlopman nan Kominote Oneida a, yon sosyete kominotè relijye ideyalistik ki

te etabli nan Oneida an 1848. Kominote relijye a te disparèt an 1880, e li te vin konpayi ajantri Oneida Limited, ki rete nan biznis, byenke fabrikasyon yo fèt aletranje kounye a. Fonksyon administratif ak antrepriz rete nan Oneida.

Finger Lakes

George ak Addison Wheeler House, East Bloomfield, Konte Ontario - Ki an premye nan lis Rejis Nasyonal Eta ak Plas Istorik la an 2005, lis pou pwopriyete rezidans ak pwopriyete fèm nan debi 19èm syèk sa ap elaji pou enkli yon etab istorik ke yo akteri dènyèman.

Hannah ak George W. Jones House, Ovid, Konte Seneca - Ki te bati an 1873, rezidans stil Italyen sa a kenbe karakteristik achitektirèl li yo. Bati pou yon koup rich lokal, yo te pral itilize batiman an pita kòm yon ponp finèb.

Long Island

Mary E. Bell House, Certer Moriches, Konte Suffolk - Kounye a li se yon mize, kay ki gen osati de etaj sa te bati an 1872 pa yon fanmi Afriken Ameriken epi li reflete istwa kominote Afriken Ameriken an nan Long Island ak etablisman yon Legliz Episkopal Metodis Afriken ki tou pre a nan ane 1840 yo. Kay la te soti nan pwopriyete fanmi an nan ane 1990 yo epi yo te menase demoli li an 2009 anvan ti Vil Brookhaven te vin pwopriyete li.

Mid-Hudson

Ekspansyon Distri Istorik Rhinebeck Village, Rhinebeck, Konte Dutchess - Ki kouvri plis pase 250 batiman, sit ak estrikti, ekspansyon distri istorik sa a gen ladan zòn rezidansyèl ki asosye ak endistri vyolèt vilaj la ki yon fwa t'ap fleri ansanm ak yon katye ki etabli pou rezidan Afriken Ameriken ak rezidan llandè Ameriken yo, zòn yo te eskli lè distri yo te inisyaman repètorye an 1979. Li gen ladan zòn Platt Avenue an ki pandan kòmansman 20èm syèk la te fè vilaj la yon sant enpòtan nan endistri vyolèt nasyonal ki t'ap grandi a. Pandan ke anpil sè vyolèt nan zòn nan disparèt kounye, distri a toujou gen ladan gwo rezidans ansyen gwo pwodikte yo, tankou "violet kings" Etan A. Coon ak Julius Vonderlinden.

Legliz Episkopal Zion, Dobbs Ferry, Konte Westchester - ki te premye konstwi nan ane 1830 yo nan stil Neo-Gotik, epi ki te elaji nan ane 1850 yo ak 1870 yo, yo toujou itilize legliz la e se batiman relijye ki pi ansyen nan Dobbs Ferry.

Mohawk Valley

Hildreth Homestead, Herkimer, Konte Herkimer - Pwopriyete fèm sa a gen ladan yon kay an stil Italyen ak etab ki dat nan ane 1860 yo epi ki reflete kwasans nan sektè agrikòl rejyon an.

Vil New York

Frederick Law Olmstead Sr Farmhouse, Staten Island, Konte Richmond - Achitèk, ekriyen ak kritik sosyal te rete nan kay sa a nan South Shore nan Staten Island kòm yon jèn gason ant 1848 ak 1855. Olmstead renome pou konsepsyon Central Park ak

Prospect Park nan Vil New York, ansanm ak rezèvasyon Niagara a, ki kounye a se Pak Eta Niagara Falls.

North Country

Oval Wood Dish Factory (Faktori Veso Oval an Bwa), Tupper Lake, Konte Franklin - Bati ant 1916 ak 1918, ansyen konplèks faktori a se yon egzanp nan endistri travay an bwa nan Adirondacks nan kòmansman 20èm syèk la. Biznis lan te fèmen an 1967 apre yon dife nan yon depo.

Southern Tier

Chenango Canal, Towpath ak Lock 106 (Walker's Lock), Chenango Forks, Chenango ak konte Broome - Sa a se yon seksyon 2-kilomèt ki rete nan Kanal Chenango, li te konstwi ant 1834 ak 1836, ki yon fwa te konekte Kanal Erie nan Utica ak Susquehanna River nan Binghamton. Lock 106 se te youn nan 116 ekliz ke yo te konstwi otou 156 km li yo, ki te gen ladan tou 19 kanal, 52 ponso, 162 pon ak yon sistèm rezèvwa. Kanal la te alimente ekonomi an nan de konte yo jiskaske li te fèmen an 1878 akòz konpetisyon finansye nan wout ray yo.

Western New York

Lafayette Flats, Buffalo, Konte Erie - li te konstwi nan ane 1897, bilding ki gen stil Neo-Klasik ki gen 36 lojman ki te ede bay klas mwayèn vil la ki t'ap grandi lojman jiska moman Dezyèm Gè Mondyal la, lè ogmantasyon disponiblite otomobil te pèmèt plis rezidan deplase ale nan zòn banlye yo.

Konpayi Niagara Lithograph, Buffalo, Konte Erie - Ki te premye konstwi an 1903, plant enprime an brik de etaj sa a refleto wòl vil la nan kwasans endistri litografik la. Apre yon fizyon, plant lan te kontinye fonksyone jiskaske li fèmen an 1992. Nan 2018-19, yo te reyabilite ansyen batiman vid la pou itilize kòm apatman, biwo, ak sèvis ki gen rapò ak swen sante.

Konplèks Legliz Katolik Womèn Our Mother of Good Counsel (Nòtredam di Bon Konsèy), Blasdell, Konte Erie - Date depi nan kòmansman ane 1950 yo, legliz stil Neo-gotik sa a, lekòl pawasyal, ak kouvan se youn nan reprezantasyon ki pi entak nan yon konplèks legliz nan mwtye 20èm syèk la nan tout ti vil yo nan sid Buffalo.

The Pink House la, Wellsville, Konte Allegany - Konstwi an 1866, Vila stil Italyen gen ladan tou karakteristik peryòd istorik entak ki gen ladan estati mab, yon glayè, yon granj twa etaj, yon tonèl, ak yon batiman ke yo rekonèt kòm Fossil House (Kay Fosil), kote pwopriyete orijinal li Edwin P. Hall te estoke vas koleksyon fosil li ki kounye a rezide nan Mize Eta New York (New York State Museum) nan Albany ak Carnegie Museum nan Pittsburgh. Toujou nan pwopriyete fanmi an, kay la konsève koulè woz eksteryè orijinal li ki ba li non li.

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) la sipèvize plis pase 250 pak endividyèl, sit istorik, santye rekreatif ak lansman bato, ke yon kantite rekò 77 milyon

moun te vizite an 2019. Resaman, yon etid inivèsite te jwenn ke depans State Parks yo ak vizitè yo fè rapòte 5 milya dola nan pwodiksyon ak lavant, sipòte 54,000 djòb nan sektè prive an, epi plis pase 2.8 milya dola anplis pou PEB (an kreyòl, Pwodwi Enteryè Brit) Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa vizite parks.ny.gov, konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)